



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL HUDSON LAN KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN REJYON KAPITAL LA NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV
REVITALIZASYON SANT VIL LA**

***Eta a ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la pou
Revitalize Sant Vil Hudson lan***

***Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Vil Hudson lan pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman kòm gayan Rejyon Kapital la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la a yo pou yo ranfòse ekonomi lokal la.

“Premye faz DRI la te pwouve li gen yon trè bèl siksè - kote l ap angaje kominote lokal yo nan yon apwòch soti depi anba rive anwo pou kreye nouvel opòtinite pou envestisman nan zòn sant vil New York la yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Revitalizasyon sant vil la non sèlman ranfòse biznis ak ekonomi lokal la, men tou l ap benefisye rezidan ki abite nan zòn la epi avèk finansman sa a, Vil Hudson lan pral gen opòtinite pou yo atenn potansyèl yo okonplè.”

Yo te chwazi Hudson kòm gayan dezyèm faz DRI la apre li te fè pwopozisyon pou revitalizasyon sant vil li a ansanm ak pwopozisyon pou revitalizasyon ki soti nan lòt kominote nan Rejyon Kapital la ayo, yo te antre nan pwosesis konpetitif, ki te gen ladn Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la (Capital Region Economic Development Council) te jije apati de uit kritè sa yo avan yo te rekòmande Hudson kòm nomine pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.

- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan investisman estratejik DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Hudson lan nan kad dezyèm faz DRI la bal dwa pou l resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta pou l revitalize katye nan sant vil li yo epi kreye kwasans alontèm. Hudson kounye a ap rejwenn Vil Glens Falls la ki te gayan premye faz DRI la nan Rejyon Kapital la.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare, “Felisitasyon a Hudson paske yo chwazi l kòm gayan dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la. Mwen te wè ak pwòp je m nan vwayaj mwen te fè toupatou atravè kat kwen eta a yo, kijan investisman Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a te bay anpil sant vil nan eta nou an yo yon nouvèl vi. Mwen atann pou m wè kijan Vil Hudson lan pral rantabilize investisman sa a epi plis devlope yon vizyon estratejik pou bay youn nan pyè presye Rejyon Kapital la ki sou bò rivyè a yon nouvèl vi”.

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zensky te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a ap transfòme kominote toupatou atravè eta a yo. Felisitasyon a Vil Hudson lan paske l ap devlope yon plan solid pou pwogrè dirab epi paske l ap sipòte pwojè k ap pwomouvwa devlopman ekonomik, kreyasyon djòb ak nouvo investisman an yo.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Finansman Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pral ede anime sant Vil Hudson lan, sa k ap ofri opòtinite pou kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik, pandan l ap rann zòn lan pi vivab pou kenbe rezidan ki la deja yo epi atire nouvo rezidan tou. Depatman Eta pral kontinye travay depre avèk kominote toupatou atravè Eta New York la yo pou ede yo devlope kominote nan sant vil yo”.

RuthAnne Visnaukas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, “Pwogram reyisi DRI Gouvènè a ap ede kominote toupatou atravè eta a yo transfòme sant vil yo

pou yo vin tounen sant iben dinamik ak vivab ki prè pou kwasans alontèm ak opòtinite ekonomik. Avèk istwa rich ak anbyans pòsendistriyèl li a, Hudson deja se yon destinasyon k ap devlope alafwa pou touris ak milènè la k ap chache travay ak viv nan yon anviwonman iben inik. Avèk resous presye sa yo eta genyen yo, Hudson ka kontinye sou wout anvè yon avni ki menm pi solid ak pi dirab ankò”.

Senatè Kathleen A. Marchione te di, “Gras a endistri a, kreyativite, travay an ekip ak vizyon rezidan yo, biznis yo, ak lidè lokal ak òganizasyon kominotè yo, ke mwen trè fyè pou m fè patenarya avèk yo, Vil Hudson lan te devlope pou l vin tounen yon destinasyon premye plan pou kilti, komès ak touris. Anons jodi a ki fè konnen Vil Hudson lan pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman antanke gayan Rejyon Kapital la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a se yon trè bòn nouvèl. Finansman sa pral plis ranfòse ekonomi sant vil la epi sipòte efò revitalizasyon l ap kontinye fè yo. Mwen trè kontan anpil pou m wè Hudson resevwa finansman enpòtan ak prestijye sa a, se yon rekonesans onivo eta yo byen merite. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou angajman l kontinye pran anvè sipò, ranfòsman ak revitalizasyon Vil Hudson lan ak kominote toupatou atravè eta nou an yo. Yo te apwouve l depi an 1785, jodi a, avni Vil Hudson la menm meyè, pi briyan ak san limit. Se avèk gran lonè m ap reprezante kominote sa a kòm youn nan kominote ki fè pati 43èm Distri Sena a epi mwen felisite Vil Hudson lan ankò paske yo resevwa gran prim finansman sa a”.

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, “Investisman Eta New York la ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a vrèman pote kontantman, l ap ranfòse Vil istorik Hudson lan, ki se omonim ak Rivyè majestik Hudson lan, li bezwen konsantre anpil kreyativite, divèsite ak enèji antreprenaryal ki karakterize kominote sa a epi transfòme l pou l vin tounen yon ekonomi 21èm syèk vital, dirab, ak enkliziv -- k ap sèvi kòm yon modèl pou rejyon an ak pou eta a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak ekip li a epi mwen felisite lidèchip li ak anpil moun Hudson yo ki te angaje epi ki te rete aktif, epi ki te fè tèlman anpil efò pou n te ka rive nan moman sa la”.

Majistra Hudson lan, Tiffany Martin Hamilton te di, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou vizyon li ak angajman l pran pou l revitalize sant vil toupatou atravè eta a yo, epi Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la paske l te chwazi Vil Hudson lan kòm kominote nan rejyon an ki resevwa prim dezyèm faz sa a. Sant vil yo jwenn wòl vital sou sèn ekonomik yon vil ak yon rejyon epi fon sa yo ap siyale yon redemaraj pou Hudson, biznis li yo ak moun ki abite la yo”.

Enfòmasyon sou Hudson

Sant Vil Hudson lan gen bote ak anbyans sèn yon vil pòsendistriyèl milènè yo ap chache, poutan li rete yon zòn bè rivaj dlo istorik tou sou tout longè Rivyè Hudson lan. Se yon Zòn Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil ki gen anpil kay k ap ofri opsyon soti nan kay pou yon sèl fanmi yo konsepsyon nan fason istorik rive nan mezon d’vil ak apatman nan gratsyèl yo, kote gen anpil varyete opsyon pou moun dine ak magazine k ap sèvi moun nan estrikti istorik yo revitalize yo. Devlopman òganik antrepreneryal resan yo te prepare Hudson pou pwochèn faz revitalizasyon li an: devlopman pwojè mik k ap ogmante a yo k ap enkòpore lojman abòdab nan to mache a ak transpò ki adapte a konsepsyon an; enkibasyon djòb pou kreye bon jan kalite djòb ki peye salè desan; devlopman mendèv pou prepare travayè lokal yo pou anplwa pandan tout ane a;

epi reyimajine bò rivaj dlo yo pou pèmèt popilasyon an plis itilize yo ak plis jwi de yo. Envestisman DRI la pral sèvi kòm yon motè pou siksè antrepriz prive ak piblik ki egziste deja yo ap kontinye genyen an; l ap mete aksan sou kwasans jòb ak sou distri k ap atire moun vin ladan; epi l ap prepare wout pou agrandisman onivo ekonomik ak sivik nan distri a ak atravè tout Hudson nèt.

Kounye a, Hudson pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize sant vil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI la. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou sant vil Hudson lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon sant vil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pou Sant Vil Hudson lan, ansanm ak plan lòt nèt gayan DRI yo te devlope a yo, pral gide envestisman fon sibvansyon DRI la yo k ap fèt nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a genyen pou sant vil li a epi ki ka rantabilize ak ajoute sou envestisman 10 milyon dola eta a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, klikle [la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418